



Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon

Fèy Sekirite Depatman Ponpye a se pou edike propriétè a ak anplwaye yo sou kondisyon minimòm de baz pou "Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon" daprè edisyon aktyèl Kòd Prevansyon Ensandi nan Florid.

Sipoze gen omwens yon asistan k ap travay pandan etablisman sèvis endependan an ouvè. Premye fonksyon asistan an dwe pou sipèvize, obsève, e kontwole Lè likid Class I ap vide.


Direktiv pou sèvis ijans operasyon/ repons dwe sou sit la. Asistan dwe antrene sou pwosedi ki dwe swiv si yon aksidan ranvèsman gaz ta rive. Asistan dwe antrene sou itilization ak kote fèmeti ijans la ye. Asistan an dwe antrene sou bon itilizasyon ekstenktè dife a. Asistan an dwe asire ke likid Class I dwe vide nan yon vesò ki apwouye.

Dokimantasyon sou antrènman ki konplete dwe disponib pou revizyon pa otorite ki gen jiridiksyon "AHJ" a sou demand.



Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon

Dekoneksyon Ijans Elektrik- Sistèm distribisyon gaz dwe founi ak aparèy fèmeti ijans ki byen idantifye, oswa dekoneksyon elektrik. Aparèy yo oswa dekoneksyon yo dwe fasilman aksesib a asistan a. Aparèy sa yo oswa dekoneksyon sa yo dwe enstale nan yon kote ki apwouve e ki pa mwens ke 20 pye oswa plis ke 100 pye de aparèy distribisyon gaz la. Kouran dwe debranche nan tout aparèy distribisyon; Nan tout ponp bò kote k ap sèvi aparèy distribisyon yo; nan tout aparèy kouran, kontwòl, ak sikwi siyal; ak tout lòt ekipman elektrik nan zòn ki gen danje yo e ki ansèkle aparèy distribisyon gaz yo. Lè gen plis pase yon aparèy fèmeti ijans oswa dekoneksyon elektrik ki bay, tout aparèy dwe konekte antre yo. Aparèy pou **Fèmeti** a dwe make: “**Fèmeti Gaz an Ijans**”



Pou Plis Enfòmasyon sou Sekirite Kont Ensandi peze la a



Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon

- Ekstenktè Dife** – Chak etablisman distribisyon gaz pou motè dwe gen yon ekstenktè dife ki enstale, enspekte e antreteni jan NFPA 10 egzije li. Ekstenktè yo dwe bay selon egzijans danje Class B, ki se danje ki pi wo nivo a. Distans maksimòm yon ekstenktè 4A-80BC dwe otorize pou li a 100 pye. Distans maximòm yon ekstenktè 4A-40BC ka dwe otorize pou rive a 30 pye.
- Veso pou Devèsman**- Yon minimòm 5 galon vesò pou devèsman ki pou diminye e jete fwit ak ranvèsman dwe disponib pou asistan ki antrene a.
- Kontwòl Envantè**- Dosye egzak envantè dwe konsève pou tout depo tank gaz pou endikasyon fwit tank oswa kanalizasyon. Dosye yo dwe kenbe nan lokal la oswa dwe disponib pou otorite ki gen jiridikson pou enspeksyon omwens 24 èdtan de yon demand ekri oswa vèbal.
- Enstriksyon Operasyon**- Dwe afiche kòrèkteman nan zòn distribisyon.



Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon

Siy Avètisman- Dwe afiche kòrèkteman nan zòn distribisyon e dwe gen pawòl ki swiv yo:

Avètisman

- Li ilegal e danjere pou vide gaz nan yon vesò ki pa apwouve.
 - Pa fimen
 - Kanpe motè
- Pa ranpli vesò pòtab andedan oswa sou yon machin a motè
 - Mete galon an atè avan ou ranpli li
- Dechaje elektrisite estatik avan ou mete gaz lè ou manyen yon sifas on metal ki lwen debouch gaz la
 - Pa antre nan machin ou pandan gaz la ap ponpe
 - Si on dife komanse, pa retire bouch gaz – fè bak imedyatman
 - Pa kite moun ki pa gen laj pou lisans itilize ponp la.

Pou Plis Enfòmasyon sou Sekirite Kont Ensandi peze la a

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW



Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon

Revant/ Echanj ak depo tank LPG dwe reponn a kondisyon ki swiv yo:

1. Depo pa deyò biling yo dwe:

- a) Omwens 5 pye de nenpòt pòt oswa ouvèti nan biling ki frekante pa piblik la, kote moun ki andedan biling yo gen omwens de mwayen pou yo sòti
- b) Omwens 10 pye de nenpòt pòt oswa ouvèti nan yon biling ki gen yon mwayen pou sòti
- c) Omwens 20 pye de nenpòt estasyon sèvis distribisyon gaz otomobil
- d) Nan yon pozisyon kanpe



2. Silenn yo dwe pwoteje pa sa ki swiv yo:

- a) Yon depo ki konstwi an metal pa deyò ki byen vantile kote bonbòn gaz ka plase sèlman nan yon pozisyon kanpe.
- b) Baryè Pwoteksyon Machin (VBP) dwe bay kote ka gen anboutejay machin
- c) Omwens yon ekstenktè dife pòtab ki apwouye ki gen yon kapasite minomòm 10 liv. Pwodwi chimik sèk ak yon kalib A:B:C kote bonbòn ki vann nan magazen yo estoke plis ke 720 liv. pwopan (bonbòn vid dwe pran an kont)
- d) Lè kantite total pwopan eksede 720 liv, omwens yon ekstenktè dife pòtab ki apwouye ki gen yon kalib 40-B:C oswa 80-B:C ak yon kapasite minimòm 18 liv pwodwi chimik sèk

Pou Plis Enfòmasyon sou Sekirite Kont Ensandi peze la a

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW



Etablisman Distribisyon Gaz pou Motè ak Garaj Reparasyon

3. Ekstenktè dife a dwe lokalize nan jan ki swiv la:

- a) Yon ekstenktè dife 40-B:C dwe lokalize pa plis ke 30 pye de lokal depo pwopan la
- b) Yon ekstenktè dife 80-B:C dwe lokalize pa plis ke 50 pye de lokal depo pwopan la

Pou Plis Enfòmasyon sou Sekirite Kont Ensandi peze la a

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW